

FÈMTI LEKÒL AK EKSPANSYON AN 2011

Sipò pou fanmi yo sa pral afekte

Fèmte lekòl oswa mete yo ansanm difisil pou tout moun, men sa a se yon etap nesèsè pou bati sistèm lekòl bon kalite pitit nou yo merite. Menmjan ak ou, nou vle sa ki pi bon anpil pou pitit nou. BPS deside pou li sipòte ou nan pwosesis sa a lè nou bay sesyon enfòmasyon yo, konsèye pou chwazi lekòl ak posibilite vizit espesyal nan lekòl nouvo yo. Nou pare pou tande ou nan telefòn, imèl oswa fasafas. Nou bay desizyon ou yo valè paske ou chwazi BPS epi nou pral travay ak ou pandan tranzisyon sa a.



An tout senserite,
Carol R. Johnson
Sipèrentandan

Elèv ki nan lekòl ki fèmten yo ap ka patisipe nan yon seri chwazi lekòl nòmal, ki ap fèt ant 9 fevriye rive 25 mas pou elèv nan klas ki pa jadendanfan, klas 6yèm Ane ak klas 9èm Ane. Pifò nan elèv ki oblije chanje lekòl akòz pwosesis fèmte a tonbe nan kategori sa a. Pou kenbe tout chans ou pou yon plasman nan youn nan lekòl ou pi renmen an, asire ou ou aplike nenpòt kilè pandan peryòd sa a nan omwens senk lekòl ou chwazi. **Elèv ki nan lekòl ki fèmten yo ap gen premye priyorite pou enskri nan lekòl ki disponib yo, kote yo gen preferans frè ak sè.** BPS mete resous espesyal pou fanmi yo nan mwa Desanm nan pou ede nan pwosesis chwazi a:

Atelye Enfòmasyon Espesyal sou Tranzisyon an pou Fanmi yo an Desanm

Atelye sa yo ap fèt pou ede ou aprann ki opsyon ou genyen. Se Sant Resous pou Lafanmi yo ki pral anime atelye enfòmasyon sou lekòl nan chak zòn yo, di konbyen plas ki genyen, endike ki lekòl ou ta ka konsidere pou pitit ou a. Direktè lekòl yo ap la pou pale ak ou nan chak atelye yo.

Zòn Nò: 20 desanm, 6-8pm, 75 Malcolm X Blvd., Roxbury

Zòn Lwès: 20 desanm, 6-8pm, 515 Hyde Park Ave., Roslindale

Zòn Lès: 21 desanm, 6-8pm, 1216 Dorchester Ave., Dorchester

Chitapale nan Lekòl yo

Yon ekip ki soti nan biwo santral BPS la pral òganize reyinyon nan lekòl ou a an desanm dekwa pou yo ka bay tout enfòmasyon sou sipò nou genyen pou fanmi ak elèv yo epi reponn tout kesyon ou gen nan tèt ou.

Vizit pou Lekòl Nouvo

Nan kèk ka, yon lekòl ki fèmten kapab fè fizyon ak yon nouvo lekòl. Elèv yo gen garanti yo ap jwenn plas nan nouvo lekòl la, men ou ta dwe chwazi lòt lekòl tou. BPS ap fè aranjman pou vizit lekòl espesyal pou elèv ak paran yo pou ou ka wè bilding la, vizite salklas yo, pale ak pwofesè yo epi rankontre direktè nouvo lekòl la. Gen kèk lekòl ki fèmten ki pap fizyone nan yon lekòl diferan. Anplwaye Sant Resous pou Lafanmi nou yo pral ede ou gade plis opsyon toujou epi yo kapab ede ou vizite lòt lekòl nan zòn dapre yon orè yo pral tabli pandan "Peryòd Vizit Lekòl" la, ki ap fèt rive jouk 21 janvyè.

Operatè Sant resous pou Lafanmi pa Zòn

Fanmi yo toujou byen akeyi nan Sant Resous pou Lafanmi (FRC) nou yo kote yo ka pale ak anplwaye nou yo kit pa telefòn kit fasafas sou nouvo chwazi lekòl oswa kijan pou enskri. Ou ka rele Sant Resous BPS yo nan zòn pa ou la pou pran randevou oubyen resevwa konsèy sou chwazi lekòl la. Yon randevou nesèsè pou asire ou jwenn yon manm devwe pèsònèl la ki disponib pou pale ak ou sou bezwen espesifik ou a.

FRC Zòn Lès: (617) 635-8015 1216 Dorchester Ave., Dorchester

FRC Zòn Nò: (617) 635-9010 75 Malcolm X Blvd, Roxbury

FRC Zòn Lwès: (617) 635-8040 515 Hyde Park Ave., Roslindale